

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra téh mangrupa hasil cipta manusa, hasil kreatifitas anu digelarkeunana maké rakitan basa. Sastra ogé mangrupa bagian tina seni sabab sastra mibanda ajén éstétika (kaéndahan). Saperti anu ditétélakeun ku Atar Semi (1993:1) yén sastra téh mangrupa salasihiji cabang kasenian anu aya dina peradaban manusa rébuan taun kaliwat. Asupna sastra éta téh bisa ditarima salaku salasihiji realitas sosial budaya. Nepi ka kiwari sastra lain baé diajénan salaku karya seni anu mibanda budi, imajinasi jeung émosi tapi geus dianggap salasihiji karya kreatif anu geus dimangpaatkeun pikeun konsumsi intelektual di sagigireun konsumsi émosi.

Ku sabab kitu, karya sastra téh mangrupa hasil kreatifitas anu bisa ngahasilkeun hiji karya anu gedé mangpaatna. Karya sastra téh bisa méré kasadaran kanu maca enggoning ngaronjatkeun ajén kahirupan, sastra bisa nambahan pangaweruh. Di sagigireun éta, sastra ogé bisa méré hiburan, kasugemaan batin jeung bisa nyiptakeun manusa anu berbudaya.

Lian ti pikeun media hiburan, sastra mangrupa salasihiji media atikan. Naon sababna? Sabab dina sastra aya ajén atikan. Contona sawér pangantén. Ngaliwatan kecap-kecap anu diréka tepi ka éndah karasana. Dina sawér pangantén ditepikeun piwulang ngeunaan kahirupan rumah tangga, kawajiban salaki katut kawajiban pamajikan.

Ngeunaan mangpaat sastra salaku média atikan, Putu Arya Tirtawirya nyebutkeun, sastra ngabeungharan rohani, bisa némbongkeun perspektif anu bener ngeunaan kahirupan; sastra anu sajati bisa mangaruhan manusa sangkan henteu maéhan manéh atawa maéhan (1983:13). Amir Fatah dina makalahna nétélakeun yén sastra dipersépsikeun minangka média pikeun ngulik kahirupan. Dina sastra aya ajén-ajén kamanusaan, ti mimiti nu darajatna handap tepi ka nu darajatna luhur, ajén-ajén tadi kakara bisa aktual jeung fungsional lamun di internalisasikeun kana diri pribadi. (1993:4). Leuwih jauh deui Amir Fatah nétélakeun :

“Mengapa sastra dipandang sebagai media yang efektif bagi pembentukan watak dan moral? Karena sastra memiliki daya sentuh yang halus dialektika yang lebih longgar”

Dumasar kana pamadegan diluhur, bisa disimpulkeun yén tina sastra téh bisa diguar hal-hal anu tumali jeung aspék kahirupan manusa, salasahijina aspék moral.

Manusa salaku mahluk anu “berbudaya” mibanda potensi éstétis dina dirina séwang-séwangan. Manusa resep kana kaéndahan anu mibanda potensi pikeun ngébréhkeun kaéndahan. Salian ti alesan ritual, ku kreativitasna, karuhun urang ngagunakeun daya pikir pikeun ngébréhkeun kaéndahan, kukituna timbul puisi. Aya kalana wangun puisi henteu nyukupan pikeun minuhan karep ngébréhkeun ideu jeung kaéndahan. Saterusna éta ébréhan ditepikeun ngaliwatan prosa. Dina prosa, ungeran samodél dina puisi henteu kapanggih. Kabébasan dina prosa leuwih loba manan puisi, teu kabuktian dina sastra Sunda salian ti aya wangun puisi buhun, aya ogé wangun prosa buhun.

Bareng jeung muterna roda kahirupan, jaman ngalaman parubahan. Ku ayana parubahan jaman, ukuran anggung jeung waktu saeutik-saeutik bisa kaungkulan, komunikasi antar bangsa mingkin lancar, kasempetan pikeun silih pangaruh dina kabudayaan ogé nambahan. Sabada meunang pangaruh tina kabudayaan barat, dina prosa Sunda dipikawanoh novél. Kiwari novél mangrupa konsumsi masarakat sastra, boh sastra Sunda boh sastra Indonesia. Saeutik onjoyna tina sastra Indonesia, sastra Sunda leuwih ti heula medalkeun novél. Dina taun 1914 ku alpukahna Balai Pustaka, medal novél nu judulna *Baruang ka nu Ngarora* beunang D.K Ardiwinata. Dina taun 1920 sastra Indonesia nyusul medalkeun novél nu judulna *Azab dan Sengsara* beunang Merari Siregar, diterbitkeunna sarua ku Balai Pustaka.

Dina dunya sastra Sunda geus kacatet sastrawan-sastrawan anu narulis novél. Kiwari bisa dibaca karya-karya entragan D.K Ardiwinata tepi ka entragan-entragan anyar anu dieusian ku sastrawan-sastrawan Sunda nu ngarora.

Dumasar tina catétan sastra Sunda, kacatet sastrawan Sunda anu kawilang produktif téh nya éta Ahmad Bakri. Rea pisan novel jeung carita pondok nu geus dipedalkeun, boh dina basa Sunda atawa basa indonesia.

Salian ti lebah kuantitasna, karya-karya Ahmad Bakri ogé onjoy dina kualitasna. Sababaraha kali Ahmad Bakri meunang pangléler pikeun karya-karyana.

Ku sabab hal éta pisan, geus sakuduna karya-karya Ahmad Bakri dipesék dijadikeun bahan panalungtikan. Ieu geus dilaksanakeun ku Nurmaélah nu nalungtik *Buron*, Eni Ratna nalungtik novél *Puputon*, Imas Rohilah (1995) nu

nalungtik novél-novél karangna Aam Amilia, sarta Nunuy Nuraeni (1997) nu nalungtik *Mantri Jero*

Panalungtikan kana karya sastra henteu ngan ukur dumasar aspék intrinsikna wungkul, tapi sastra ogé dirojong ku aspék ekstrinsik. Ceuk Rene Wellek jeung Austia Warren, analisis ekstrinsik téh nya éta analisis sastra ditilik tina jihat anu mangaruhan kana produksi sastra sedengkeun analisis intrinsik nya éta analisis dumasar kana interprétasi karya sastra (1981:80-157). Panalungtikan kana aspék moral dina karya sastra bisa dilaksanakeun ku jalan mesék karya sastrana, sedengkeun sakumaha anu diisaratkeun ku Wellek jeung Warren.

Aspék-aspék moral anu kapanggih dina cipta sastra bisa diguar boh positifna, boh sisi négatifna. Ngaguar aspék négatif tumali jeung moral dina karya sastra perlu pikeun bahan bandingan. Ngeunaan perluna éta hal, Attar Semi nandeskeun ;

“Di samping itu harus dipahami bahwa moral yang diperlihatkan di dalam karya sastra tidak semata-mata segi putihnya saja, tetapi sekaligus diperlihatkan segi hitamnya sebagai bahan bandingan. Justru dialektika ini merupakan kekhasan karya sastra (1993:71)”

Dina kanyataan di jero karya sastra, nepikeun ajén moral salian ti sacara eksplisit ogé sacara implisit. Éta hal bisa kaguar sabada ngaliwatan prosés kontemplasi. Kanyataan dina karya sastra dikontraskeun jeung kanyataan dina kahirupan sabenerna.

Nilik kana sababaraha hal anu didadarkeun di luhur, ieu panalungtikan téh penting pikeun dilaksanakeun. Ku ieu panalungtikan, dipiharep hal-hal anu

diisaratkeun ku Amir Fatah jeung nu lianna bisa kaguar. Ieu pisan nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna.

1.2 Masalah

1.2.1. Identifikasi Masalah

Panalungtikan ngeunaan ajén moral dina karya Ahmad Bakri bisa dilaksanakeun dumasar kana aspék ekstrinsik jeung aspék intrinsik. Tina aspék intrinsik bisa dilaksanakeun ngaliwatan analisis pesen-pesen atawa amanat nu ngandung ajén moral; cara-cara ajén moral dipidangkeun ku pangarang, naha sacara nembrak atawa nyamuni. Tina aspék ekstrinsikna, bisa diguar ajén moral ku hubunganana jeung aspék sosiologis pangarangna. Umpamana, daérah asalna, agamana, jenjang atikanana jeung nu lianna dipatalikeun jeung kandungan ajén moral anu nyampak dina karyana. Salian ti éta ajén moral dina novél bisa dipatalikeun jeung aspék-aspék kahirupan anu lian saperti ékonomi, kabudayaan, kasenian jeung saterusna. Upama dicukcruk, ambahan ieu panalungtikan bakal leuwih tembung legana

1.2.2. Watesan Masalah

Nilik kana ambahan masalahna, perlu ayana watesan panalungtikan. Ieu panalungtikan dihususkeun kana moral Agama Islam. Maksudna panalungtikan ieu dilaksanakeun maké pedoman norma agama Islam anu kaunggel dina Al Qur'an jeung Hadist

1.2.3. Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan bakal ngaguar ngeunaan kandungan ajén moral dina Novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri. Sangkan leuwih jéntré, masalahna dirumuskeun dina patalékan-patalékan ieu dihandap:

- 1) Ajén moral naon waé anu nyangkaruk dina novél *Payung Butut* Karya Ahmad Bakri?
- 2) Kumaha patalina ajén moral nu aya dina novél *Payung Butut* Karya Ahmad Bakri boh jeung Al Qur'an boh jeung Hadist?
- 3) Kumaha cara pangarang dina midangkeun ajén moral anu aya dina novél *Payung Butut* Karya Ahmad Bakri?
- 4) Unsur intrinsik anu mana anu ngungkabkeun ayana ajén moral dina novél *Payung Butut* Karya Ahmad Bakri?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan diayakeun ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun ajén moral nu nyangkaruk dina novél *Payung Butut*
- 2) Ngadéskripsikeun patalina ajén moral nu nyangkaruk dina novél *Payung Butut* jeung Al Qur'an atawa Hadist
- 3) Ngadéskripsikeun cara pangarang dina midangkeun ajén moral dina karyaana
- 4) Ngadéskripsikeun unsur-unsur intrinsik anu ngébréhkeun ajén moral dina novél *Payung Butut*

1.4 Wangenan Operasional

Sangkan henteu timbul rupa-rupa tafsiran, perlu dipidangkeun wangenan istilah-istilah anu kaunggel dina judul panalungtikan. Ieu dihandap istilah-istilah anu dimaksud dipidangkeun hartina.

- 1) Ajén nya éta hal-hal anu dipaké “*berlaku*” dina hirup kumbuh, nepi ka mangaruhan sangkan manusa loyog kana éta hal
- 2) Moral nya éta konsep ngeunaan hadé jeung goréng katut bener jeung salah kalawan maké ukuran anu tangtu
- 3) Ajén Moral nya éta hal-hal anu dipaké “*berlaku*” dina hirup kumbuh tumali jeung moral
- 4) Novél nya éta prosa rékaan naratif, alurna kompleks sarta kesanna realistis. Novél Sunda nya éta novél anu maké basa Sunda, lain tarjamahan atawa saduran.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalutikan, hususna pikeun anu nalungtik bisa nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra sarta ajén moralna

Salian ti éta, dipiharep hasil panalungtikan ieu téh bisa ngeuyeuban jeung nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra sarta bisa ngaronjatkeun minat maca, hususna di lingkungan mahasiswa. Upama dipatalikeun jeung widang atikan, hasil tina panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun ku guru basa jeung sastra pikeun dijadikeun pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta hal anu jadi dasar panalungtikan. Nurutkeun Surakhmad nu dicutat ku Arikunto (1998:60) Anggapan dasar téh nya éta *sebuah titik tolak yang kebenarannya diterima oleh penyelidik.*

Luyu jeung pamadegan Surakhmad nu dicutat ku Arikunto (1998:60). Ieu panalungtikan anggapan dasarna téh nya eta :

- 1) Novél mangrupa hasil sastra, hasil sastra salian ti pikeun diapresiasi, ogé bisa dijadikeun bahan panalungtikan. Novél Sunda karya Ahmad Bakri ogé mangrupa hasil sastra
- 2) Sastra téh banda budaya anu bisa dijadikeun tuladan, dina sastra kaungkab ajén-ajén, kaedah-kaedah, tindak tanduk nu hadé jeung nu goréng, nu hadé turutaneun, nu goréng singkaheuneun (Damono dina Fatah Spk, 1993:126). Novél Sunda karya Ahmad Bakri ogé mangrupa sastra anu leubeut ku ajén-ajén moral.
- 3) Sastra bisa dijadikeun sumber ilham ngeunaan kahadéan jeung kawijaksanaan, ku sabab kitu sastra mibanda daya otodidak anu hadé (Hassan dina Fatah Spk, 1993:93). Novél Sunda karya Ahmad Bakri ogé mangrupa sastra.